ISSN: 2181-3906 2025

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 4 / ISSUE 7 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# JASLAR SANASINDA ILIMIY KÓZQARASLARDI QÁLIPLESTIRIWDE INTELLIGENCIYANIŃ ROLI

**Кутымова Гулнара Татлымуратовна**
Qaraqalpaqstan Respublikasi.

https://doi.org/10.5281/zenodo.16534327

***Annotaciya.*** *Bul maqalada zamanagóy jámiyette jaslardıń ilimiy dúnyaqarasın qáliplestiriw procesinde intelligenciyanıń tutqan ornı talqılanadı. Intelligenciya wákilleriniń jaslar sana-sezimine kórsetetuǵın ilimiy, mádeniy hám ádep-ikramlılıq tásiri jaqtılandırıladı.*

*Sonday-aq, zamanagóy innovaciyalıq pikirlew hám jámiyetlik juwapkershiliktiń qáliplesiwinde ziyalılar qatlamınıń strategiyalıq áhmiyeti tiykarlanıp beriledi.*

***Gilt sózler:*** *intelligenciya, jaslar, ilimiy kózqaras, pikirlew, jámiyetlik sana, innovaciya, mánawiyat.*

# РОЛЬ ИНТЕЛЛЕКТУАЛЬНОСТИ В ФОРМИРОВАНИИ НАУЧНЫХ ВЗГЛЯДОВ У МОЛОДЕЖИ

***Аннотация.*** *В данной статье рассматривается роль интеллигенции в формировании научного мировоззрения у молодежи в условиях современного общества.*

*Освещается влияние представителей интеллигенции на сознание молодежи в аспектах науки, культуры и нравственности. Также обосновано стратегическое значение интеллигенции в развитии инновационного мышления и социальной ответственности у подрастающего поколения.*

***Ключевые слова:*** *интеллигенция, молодежь, научное мировоззрение, мышление, социальное сознание, инновации, духовность.*

# THE ROLE OF INTELLIGENCE IN THE FORMATION OF SCIENTIFIC APPROACHES AMONG YOUNG PEOPLE

***Annotation.*** *This article explores the role of the intelligentsia in shaping the scientific worldview of youth in modern society. It highlights the intellectual, cultural, and moral influence of the intelligentsia on young minds. The strategic importance of the intelligentsia in fostering innovative thinking and social responsibility among the younger generation is also substantiated.*

***Keywords:*** *intelligentsia, youth, scientific outlook, thinking, social consciousness, innovation, spirituality.*

Zamanagóy jámiyettiń rawajlanıwı, eń aldı menen, jas áwladtıń intellektuallıq potencialı hám ilimiy dúnyaqarasına baylanıslı. Usı kózqarastan, jaslar sana-sezimine ilimiy pikirlewdi, sınıy jantasıwdı, analitikalıq oylaw qábiletin qáliplestiriwde jámiyettegi intelligenciya qatlamınıń roli teńsiz.

Intelligenciya - bul tek tereń bilimge iye adamlar topari emes, al jámiyetlik sananı, mádeniy qundılıqlardı hám ilimiy oylaw qábiletin rawajlandırıwshı kúsh sıpatında qaraladı. Olar jámiyettiń ilim-pán, mádeniyat, ádebiyat, bilim beriw hám tárbiya tarawlarında xızmet etip, jaslardıń sana-sezimine oń tásir jasaydı. Ásirese, muǵallimler, alımlar, kórkem óner ǵayratkerleri hám jurnalistler sıyaqlı ziyalılar jas áwlad ushın úlgi bolıp xızmet etedi. Jaslar kóbinese ózlerine jaqın bolǵan sociallıq toparlar hám shaxslardıń pikirin qabıl etedi.

Intelligenciyanıń ómir tájiriybesi, logikalıq hám ilimiy tiykarlanǵan jantasıwı olarǵa tereńirek talqılaw, hár qıylı maǵlıwmatlar arasınan durısın tańlaw, haqıyqatlıqtı ajırata alıw sıyaqlı kónlikpelerdi iyelewge járdem beredi. Bul bolsa jaslardıń sanalı hám iymanlı puqaralar bolıp jetilisiwinde áhmiyetli rol atqaradı. Sonday-aq, intelligenciya wákilleri arqalı jaslar arasında ilimiy hám texnologiyalıq jańalıqlarǵa qızıǵıwshılıq artadı.

Máselen, zamanagóy ilim-texnika jetiskenlikleri, innovaciyalıq ideyalar yamasa ekologiyalıq mashqalalar haqqında alıp barılıp atırǵan bayanatlar, ǵalabalıq ilajlar, seminarlar jaslardıń dúnyaqarasın keńeytedi. Nátiyjede, jaslar óz ómir jolın ilimge, izleniwge hám sociallıq paydalı jumısqa baǵıshlawǵa umtıladı. Bunnan tısqarı, jaslar sanasında sociallıq belsendilik, watansúyiwshilik, milliy maqtanısh sıyaqlı pazıyletler de áyne intelligenciya wákilleri arqalı qáliplesedi. Intelligenciyanıń ádep-ikramlılıq úlgisi, sóylew mádeniyatı, sociallıq juwapkershilikke qatnas jaslardıń sanasında bekkem sociallıq qádiriyatlar tiykarında pikir júrgiziwine túrtki boladı. Zamanagóy jámiyette jas áwladtıń ilimiy dúnyaqarasın qáliplestiriw - sociallıq rawajlanıwdıń tiykarǵı faktorlarınan biri esaplanadı. Jaslar sanasınıń qáliplesiwinde olardı qorshaǵan ortalıqtan, atap aytqanda, intelligenciyanıń jumısı hám tásirinen áhmiyetli rol atqaradı. Intellegenciya jámiyette ilim, mádeniyat, bilimlendiriw, kórkem óner hám sociallıq turmıstıń jetekshi kúshi sipatında tek ǵana informaciya beriwshi emes, al jol kórsetiwshi, sananı oyatıwshı hám pikirlewdi rawajlandırıwshı qatlam esaplanadı [1, 25-b.]. Jaslar ushın eń tásirsheń sociallıq toparlardan biri bolǵan intelligenciya wákilleri - oqıtıwshılar, professorlar, jazıwshılar, jurnalistler hám ilimpazlar - tek ǵana óz jumısları menen emes, al jeke úlgisi, intellektuallıq dárejesi hám mádeniy qatnası menen de jas áwlad sanasına tereń tásir kórsetedi. Intelligenciya jaslar sanasına ilimiy pikirlew, sın kózqarastan qatnas jasaw hám logikalıq pikirlew kónlikpelerin sińdiredi [2, 104-b.]. Búgingi sanlı informaciya aǵımları dáwirinde jaslar hár qıylı derekten maǵlıwmat aladı, biraq bul informaciyalar ishinde isenimli, ilimiy tiykarlanǵan, logikalıq juwmaq shıǵarıw ushın intellektual jol-jobaǵa zárúrlik artıp barmaqta. Usı kózqarastan, intelligenciyanıń tiykarǵı wazıypası - jaslardı ilimiy pikirlew tiykarında pikir júrgiziwge úyretiw, olarda analitikalıq hám sın kózqarastan qatnas jasawdı qáliplestiriwden ibarat [3, 58-b.].

Intelligenciya jaslardıń tómendegi tarawlarda rawajlanıwına xızmet etedi:

1.Ilimiy pikirlewdi qáliplestiriw: Ilim tiykarları, teoriyalar, ilimiy metodologiyaga tiyisli bilimler arqalı dúnyanı ilimiy tiykarda túsiniw qábiletin rawajlandıradı [4, 29 b.].

2.Sociallıq juwapkershilik sezimin oyatıw: Intelligenciya jámiyettegi mashqalalardı kóteredi, olardı analizleydi hám jaslarga puqaralıq poziciyasın bekkemlewde jol kórsetedi [5, 97-b.].

3.Innovaciyalıq pikirlewdi rawajlandırıw: Zamanagóy texnologiyalar hám ilim jetiskenliklerin ǵalaba en jaydırıw arqalı jaslardı jańalıqqa umtılıw, oylap tabıw hám izertlew alıp barıwǵa ilhamlandıradı [6, 43-b.].

4. Milliy hám uliwma insanıylıq qádiriyatlardı sińdiriw: Ziyalılar jaslardıń ruwxiy-ádep-ikramlılıq dúnya qarasın qáliplestirip, olardi Watan, xalıq, til hám mádeniyatqa húrmet ruwxında tárbiyalaydi [7, 5-b].

Sonıń menen birge, xalıqaralıq tájiriybege názer taslasaq, rawajlanǵan mámleketlerde jaslar menen isleytuǵın intelligenciya wákilleri ózleriniń blogları, ilimiy-publicistikalıq

shıǵıwları, ǵalaba lekciyaları arqalı jas áwladtı ilim hám oy-pikirge jeteklemekte. Bul tendenciya Ózbekstanda da kúsheyip barmaqta.

Shavkat Mirziyoevtiń atap ótkenindey: "Búgingi jaslar - erteńgi kúnniń iyeleri. Olardıń oy-pikirin ashıq, dúnyaqarasın keńeytiw ushın, bárinen burın, ilimli, zamanagóy pikirleytuǵın, watandı súyiwshi zıyalılar kerek" [8]. Bul kózqarastan qaraǵanda, intelligenciyanıń jumısı jaslardıń tek ǵana individual oy-pikirin emes, al ulıwma milliy ideya tiykarında qáliplesetuǵın salamat jámiyetti jaratıwda strategiyalıq áhmiyetke iye. Olardıń belsene qatnasıwı arqalı jaslar óz pikirin erkin bildiriw, mashqalanı sheshiw hám jámiyetlik turmısta belsene qatnasıw imkaniyatın tabadı. Juwmaqlap aytqanda, intelligenciyanıń jaslar tárbiyasındaǵı, atap aytqanda, olardıń ilimiy dúnyaqarasın qáliplestiriwdegi ornı strategiyalıq áhmiyetke iye. Sonlıqtan, mámleket hám jámiyet tárepinen intelligenciyanı qollap-quwatlaw, olardıń tájiriybesin jaslar tárbiyasına baǵdarlaw zamanagóy Ózbekstan rawajlanıwınıń áhmiyetli faktorlarınan biri bolıp esaplanadı.

**Paydalanilgan ádebiyatlar**

1. G‘ulomov A. Zamonaviy ijtimoiy jarayonlar. – Toshkent: Ma’naviyat, 2020. – 152 b.
2. Yo‘ldoshev R. Yoshlar bilan ishlash metodikasi. – Toshkent: O‘qituvchi, 2019. – 204 b.
3. Nuraliyev T. Intelligensiya va taraqqiyot. – Samarqand: “Ilm ziyo”, 2021. – 112 b.
4. To‘rayev A. Ilmiy tafakkur va metodologiya. – Toshkent: Fan, 2022. – 138 b.
5. Karimova M. Ijtimoiy ong va yoshlik psixologiyasi. – Toshkent: Sharq, 2018. – 176 b.
6. Sharipov F. Innovatsiya va kreativ tafakkur. – Nukus: Bilim, 2020. – 128 b.
7. Abdullayev Sh. Ziyolilar va ijtimoiy mas’uliyat. -Toshkent: Yangi asr avlodi, 2021. – 96 b.
8. Mirziyoyev Sh. M. Yangi O‘zbekiston strategiyasi. – Toshkent: O‘zbekiston, 2022.- 304 b.